# Mhedziso

Ndinokutendai, hama. Ndinokutendai, Hama Hoekstra.

Manheru akanaka, kuHouston. Ndinotora uno semukana mukuru, wekuva pano zvakare manheru ano muHouston. Ave makore akawanda kubva pandakava nemukana wekuva pano. Zvino ndanga ndakagara, ndichiteerera manheru ano kune mumwe nemumwe wevatauri ava.

2 Uye rimwe zuva, pandakava nehurongwa hwakaitwa hweimwewo nyaya, imwe nzvimbo, uye ndakaziva kuti vana ivavo vakanga vakatarisana nerufu, ndakafunga, "Kuri kunzi chimwe chinhu chikaitika kuvana ivavo, handaimbofa ndakazviregerera," nekusauya pano kuzopa pfungwa yangu nekuita zvose zvandingagona, kubatsira amai nababa ava, uye vevana ava, nekuita zvese zvandingagona kuti ndiponese hupenyu hwavo.

3 Uye Houston ine...inzvimbo yendangariro kwandiri. Ine ndangariro huru dzakawanda dzandakayemura kubva pandakatanga kushanya kuno makore mazhinji akapfuura, iko kuno kuHerald Of Faith, Hama Kidson, uyezve zasi kuno kuodhitoriyamu pandaive ndiri kuno naHama Raymond Richey nevashumiri vemuguta rino.

4 Uyezve, honguka, VaAyers, VaKipperman, husiku hwakaratidzwa nekamera kuti ndaisataura chinhu chisiri icho. Chaiva Chokwadi. Zvino ziso remuchina wekamera parakabata chiratidzo che...kana kuti, kwete chiratidzo; mazvirokwazvo acho. Kristu watinoparidza nekuda kwazvo, aiva nesu, nokuti Akavimbisa kuzova nesu, zvino kamera yakatora mufananidzo waKe. Nguva zhinji ndakataura, munguva dzakapfuura, kuti—kuti ndaiona Chiedza ichocho nguva dzose. Asi dzimwe nguva vanhu vaizova nekuzengurira kutenda paChiri, zvinova zvaunogona kutenda kuti vangangova vakadaro, asi husiku ihwohwo zvakazviratidza pachena. Ndiyo yakava nguva yekutanga yachati Chakambotorwa.

5 Kubva ipapo, Chakatorwa kakawanda. MuGermany nguva pfupi yadarika, chichiburuka, chizoro pachaivapo, uye nepaChakadzokera zvakare. Uye zvinhu izvozvo hazvisi zvekusimudzira mumwe munhu, asi ndezvekusimbisa Hupo hwaJesu Kristu pakati pevanhu vaKe.

6 Uye tinotenda kuti Ishe Jesu vamwe chete ivavo vari pano manheru ano, kuti vatibatsire panyaya iyi. Uye ndinotenda kuti Vane hanya nazvo kupfuura zvatingaita isu. Uye zvirokwazvo ndinonzwira urombo vabereki vevana ava, uye ndichibatana nemurume nemudzimai wese ari kuedza kuvanunura kubva mukanwa merufu.

7 Uye, zvino, ndinonzwisisa kuti uyu hausi musangano werumutsiriro, asi dzingori nhe—nhevedzano dzeshumiro dzemunamato dziri kuitirwa mweya iyi iri mumimvuri yerufu. Uye saka ndanonoka. Handisi kuzotaura kwenguva refu kwazvo.

8 Asi ndinoda kuwana rugwaro, kana kuti chirevo, waro, kubva parugwaro rwandinoda kuverenga munzvimbo 2 muMagwaro. Uye imi mune maBhaibheri, kana mukavhura pamwe neni kwechinguvana bedzi, kuBhuku raVaFiripi, chitsauko 1, uye vhesi 20 yechitsauko 1 chaVaFiripi.

> Maringe netarisiro dzangu huru *netariro* yangu, *kuti handinganyadziswi pachinhu* chipi hacho, *asi* . . . *nekusatya kwose, sapanguva dzose,* naizvozvo zvino *Kristu achakudzwa mumuviri wangu,* hungava huri . . . *hupenyu, kana* . . . rufu.

9 Uyezve, zvakare, muBhuku raMabasa, chitsauko 2 uye vhesi 30. Ndinogona kuverenga rechi 25 kusvika 30.

> *Nokuti Dhavhidhi wakataura pamusoro pake achiti,* nokuti ndakafanoona *Ishe pamberi pangu misi yose, nokuti ari* kuruoko *rwangu* rwe*rudyi, kuti ndirege kuzunungusuwa:*

> *Naizvozvo mwoyo wangu wakafara, norurimi rwangu rwakafarisisa; uyewozve nyama yangu ichazorora* mu*tariro:*

> *Nokuti handingasiyi mweya wangu muhadhesi,* uyewo handingaregi *Mutsvene* wenyu Amene *kuti aone kuora.*

> *Makandizivisa nzira yeupenyu; muchandizadza nomufaro* nezviso zvenyu.

> *Varume hama,* regai nditaure kwamuri *pachena* ne*zvatateguru Dhavhidhi, kuti vakafa* uye *vakavigwa,* uye guva ravo riri *pakati pedu kusvikira nhasi.*

> *Zvino zvaakanga ari muporofita, achizivawo kuti Mwari* akanga apika *nemhiko* kwaari, *kuti wezvibereko zvechiwuno chake,* pa*nyama,* aizo*simudza Kristu kuti agare pachigaro chake choushe;*

> Achiona izvi kumashure *akareva pamusoro pokumuka kwaKristu,* kuti mweya wake hauna *kusiiwa muhadhesi,* kunyange *nyama yake haina kuona kuora.*

10 Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate.

11 Baba vedu veKudenga, tinoKutendai nekuda kwetsitsi. Uye ichokwadi, Ishe, chikonzero sei tiri pano manheru ano, kuti tikumbire tsitsi. Hataimbozvikumbira izvi dai tanga tisina kutenda kwekuti tinozvitenda kuti zvinopihwa kwatiri. Vanhu vakabhururuka nemunyika yese, uye minamato iri kukwira kumusoro kwese-kwese, kwaMuri, kuti hupenyu hweava vatiri

kukumbirira nemoyo wese husiku huno hugoponeswa. Ishe, tinokumbira simba kuna vanaamai navanababa vevechidiki ava.

12 Uye sekunzwisisa kwatinoita, kuti, mujaya uyu akapira hupenyu hwake kwaMuri uye anoda kuKushumirai. Zvino sekunzwa kwataita mumwe wevatauri achitaura, kuti, aida kuva mushumiri weEvhangeri, ndinonamata, Mwari, kuti Mugopa mukana uyu kumujaya uyu.

13 Tiregerereiwo zvivi zvedu, chenesai mwoyo yedu kubva kupfungwa dzakaipa, nechero zvacho chingava munzira yedu chingadzivisa kupindurwa kwemunamato wedu wevanhu ava.

14 Sekuverenga kwataita Shoko reNyu, tinoziva kuti zvose matenga nenyika zvichapfuura asi Shoko reNyu harikundiki. Tinonamata kuti Mugowedzera kwatiri, neMweya Mutsvene, chirevo chinozotora, chingava chiri icho kuda kweNyu Kutsvene panyaya iyi zvino, sezvatakanzwa gweta nevazhinji vachitaura. Uye tinonamata kuti tiwane chaizvo zvinotevera kuti tiite, zviri danho redu rinotevera rekuti tiite. Ishe, tiri pano kuzviita. Rizivisei kwatiri, Ishe, kubudikidza neShoko reNyu. Nokuti tinozvikumbira muZita reMwanakomana weNyu, Ishe Jesu. Ameni.

15 Ndichiverenga mavhesi mashoma aya, uye ndinocherechedza kuti nyaya yacho yakakura, nekuti pane kubatikana. Ndaifunga hangu, pandakanzwa nekuwana teregiramu yaamai ivavo, "Ko dai anga ari mwanakomana wangu akatarisana nemutongo werufu iwoyo, kana mwanasikana wangu?" Uye ini . . . Tinoda kuisa zvese zvatinokwanisa pairi.

16 Zvino vamwe vanogona kuti, "Manjeka, icho chikamu chidiki kwazvo cheShoko, chamaverenga, Hama Branham." Zvinoka, ichocho chinogona kuva chokwadiwo, zvakare. Asi, munoona, hakusi ku—kukura, kana huwandu hwemashoko. Ndeizvo zvaanoreva. Zviri—zvinongova . . . Zvazvirika, ivimbiso yaMwari.

17 Uye ndinoda kutora kubva pamanheru ano, kubva pagwaro raverengwa iri manheru ano, kana kuti musoro wenyaya kubva pane izvi: *Mhedziso*.

18 Ndasarudza musoro wenyaya uyu, nguva shoma yapfuura, ndakagara mukamuri yangu yemumotera, nokuti ndinofunga kuti zvino tiri kunyatsoda chimwe chinhu chechokwadi, imwe mhedziso yatinogona kubatirira pairi uye toziva kuti ichokwadi. Munguva yakaoma yakaita seiyi, tinofanira kuva nechimwe chinhu chatine chokwadi nacho, ndizvozvo, chimwe chinhu chatinogona kubatirira pachiri, kuziva kana, kuti nyaya yacho iri kufamba sei.

19 Zvino, maringe na—naWebster, *mhedziso,* pachezvayo, ndeicho "chisina kuganurwa musimba," uye pamusoro pazvo "musimboti." Zvino *musimboti* ndiyo "ameni." Ndiyo mhedziso. Sezvazvinga . . . Ndiwo magumo. Ndizvo zvese.

20 Zvino, kubudirira kwese kukuru kwakambovapo panyika, kwaive kwakasungirirwa pane imwe mhando yemhedziso. Haugone kuita chero chinhu kunze kwekunge paine chimwe chinhu chaunogona kubatirira pachiri.

21 Kana mumwewo mujaya ari kuzoroora imwe mhandara, anofanira kuziva hunhu hwemhandara iyi hwakadii. Kana kuti mhandara yacho inofanira kuziva hunhu hwemujaya uyu, chimwe chinhu chaanogona kubatirira pachiri. "Murume uyu achazova murume akarurama here? Achandiitira mhando yemurume kwaye here?" "Mudzimai uyu achandipa here, muhupenyu, zvandi—zvandinotarisira kubva maari, kuvimbika nezvimwe zvakadaro?" Uye zvino panofanira kuva nenzvimbo yavanogona kuisa mhiko dzavo—dzavo pairi, vachiziva kuti pane chimwe chinhu chichabata. Uye ndicho chikonzero tichivaunza kuchechi, nekuShoko raMwari, kuti mhedziso iyi isunganidzwe.

22 Zvino, Pauro pano, sezvatinoona, aive nemhedziso yaaibatirira pairi, hupenyu hwake hwese, mushure mekutendeuka kwake, ndizvo: hupenyu hwakanangiswa pana Kristu! Uye inzvimbo kwayo yekuva nemhedziso: hupenyu hwakanangiswa pana Kristu! Hwaiva hupenyu hwakasiyana nehwaakamborarama pane imwe nguva, nokuti akati, "Hupenyu hwandave kurarama iye zvino," hwaive hwakasiyana nehwaakamborarama.

23 Uye pakasvika nguva iyo Pauro akava nechiitiko ichi chakamusvitsa pasarudzo iyi. Nokuti, Pauro aiva murume mukuru, ane simba pakati pemaJudha, uye mu—mudzidzi mukuru webhaibheri, asi akanga asina chokwadi chaicho nekumira kwake. Asi rimwe zuva, munzira achidzika kuDhamasiko, Chiedza, Shongwe yeMoto, yakadzika kubva Kudenga. Zvino Pauro, semuJudha, akaziva kuti Chiedza ichi, Shongwe yeMoto, ndiyo yaiva Chinhu chaiva, naMwari vacho vakanga vatungamirira vanhu vake kubva muEgipita. Vakanga vatevera Shongwe yeMoto iyi. Saka, semuJudha, akati kwaVari, nekukurumidza, "Ishe, ndiMi Aniko?" AkaVaziva sa "Ishe," asi, "Ndimi Aniko?"

24 Zvino Inzwi rakadzoka kubva muShongwe yeMoto iyi, "Ndini Jesu, uye zvakakuomera kuti ukave zvibayo." Kubva panguva iyoyo zvichienda mberi, Pauro akaziva kuti Jehovha weTestamende Yekare ndiye aive Jesu weItsva. Uye akava nechimwe chinhu chaaigona kubatirira pachiri, uye ndiwo manyorero aakagona kuita Bhuku guru riya raVaHebheru.

25 Zvino, kana iwe, kana uine mhedziso muhupenyu hwako, unoita zvinhu zvausingawanzoita, kunyanya kana uine hupenyu hwakanangiswa pana Mwari. Hupenyu hwakanangiswa pana Mwari hunoita kuti munhu aite zvinhu zvavasingawanzoita; zvisinganzwisisike chaizvo, zvisiri zvemazuva ese. Ko sei hupenyu hweChikristu husinganzwisisike uye hwakasiyana?

Imhaka yekuti vari kutarisa kuShoko raMwari, rinova potse mutorwa kunyika nhasi.

26 Zvino, tine machechi, uye tine masangano, uye tine chinamato, oo, chizhinji chaicho, pasi rose.

27 Mukutenderera kwangu kunokwana ka 7, kubva pandakava pano nemi kuHouston, ndakava neruzivo rwakawanda pamusoro pavanamwari nezvitendero zvepasi rino rose. Asi handizvo zvandiri kutaura nezvazvo.

28 Ndiri kutaura pamusoro pemhedziso, kubatanidzwa naKristu. Zvino, zvinokuita munhu a—asinganzwisisike. Unoita zvinhu zvisinganzwisisike. Kufunga kwako kwakatosiyana zvachose nemafungiro awaisimboita, nekuti wakawana chimwe chinhu, ukasungirira hoko yekutenda mune mumwe Munhu akasika matenga nenyika, wokuti, Shoko raVo pachaRo rinosika, Mwari Vakataura nyika kuti ivepo, uye hapana chinganyanyisa kuVaomera. Saka zvinokuita kuti uve anosika, iwe pachako, nekuti unotora Mashoko aVo. Zvino shoko ipfungwa yaratidzwa.

29 Zvino, Pauro akanga ava muchinhano chakadaro, chokuti akanga—akanga asina chiitiko chedzidziso yebhaibheri, bedzi, asi aive nechapupu chake pauzima. Akanga asangana naMwari, uye aiziva kuti akanga adanwa naMwari. Uye—uye hapana aimuudza chinhu nezvazvo. Aiva nechokwadi chemazvirokwazvo kuti Mwari vakaramba vari Mwari. Dai nyika yaingogona kuita izvozvo!

30 Uye dai boka iri manheru ano, rigere pano, rikangogona kurangarira kuti Mwari vachiri Mwari! Vanotongokwanisa kupindura munyaya iyi sezvaVari muchinhano chekupodza kwaMwari kana chimwewo chinhu. Vachiri Mwari. Uye kana tikakwanisa kuvaka tariro yedu, kwete tariro yedu chete, asi pfungwa yedu—yedu yakanaka, pane zvaVanotaura! Uye tinoziva kuti IChokwadi.

31 Uye vanhu vanoita zvisinganzwisisike. Vanoita sevanokanganwa nezvedivi rakashata nekuti vakawana mhedziso, nekuti iShoko raMwari. Jesu akati, "Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harimbokundiki." Saka kana tiine Shoko revimbiso, zvino hapana kukundika paRiri. Harigone kukundika.

32 Saka ndi—ndinotenda kuti ndizvo zviri shumiro dzemunamato pano, vanhu va—vanonamata vemuHouston, vane hanya, nehupenyu hwevanhu. Uye ndizvo zvataunganira pano, ku—kudana simba riri pamusoro pemitemo nemasimba akagadzwa nevanhu, chimwe chinhu, Vanokwanisa kushandura moyo yevanhu, sezvaVakaita Farao muEgipita. Uye iVo—iVo ndiMwari. Uye tinofanira kuchirega zvino kutarisa divi ri—risina kunaka, totarisa kudivi rakanaka racho.

33 Zvino usati wava nekutenda, unofanira kuva nechimwe chinhu chekuva nekutenda machiri. Zvino chii chimwezve

chaungavimba kutenda kwako machiri kudarika zvakungaita muShoko raMwari mupenyu, rakasika, masimba aSamasimba? Chii chimwezve chatingaisa tariro dzedu machiri? Nokudaro zvinoita kuti utaridzike zvakasiyana, uite zvakasiyana. Uri kutarisira Mwari kuti vazadzise vimbiso yaVo. Uye kana zvakaomarara zvasimuka, sezvatinazvo zvino, iRo ihoko. Ndechimwe chinhu chino—chinokubata, chimwe chinhu chawakasungirirwa pachiri. Ivimbiso yatakasungirirwa kwairi, iro Shoko raMwari.

34 Sezvakangoita hoko yechikepe ndiyo mhedziso kuchikepe, munguva yedutu. Chikepe chinogona kunge chichifamba mugungwa. Hoko yechikepe inenge iri kunze pamberi. Ndiyo . . . Inozorora. Imi vanhu vari muno muHouston, muri pedyo zvikuru negungwa, munoona zvikepe zvichipinda.

35 Zvino chikonzero ndechei kutakura mutoro uyu wakanyanyisa wezihoko guru iri? Asi, munoona, kana madutu achinge auya, madutu ane—ane simba anobvongodza-bvongodza gungwa, uye achigona kukandira chikepe ichi kumahombekombe pane imwe nzvimbo, nekuchibonderesa, kana kuchipipidigura mumvura dzisina kudzika; chinobuda kunopinda mumvura yakadzika, uye chodzikisa zihoko iri, rakakura, rakanyatsogadzirwa zvekuti rinodzika pasi pegungwa kusvika rakochekera pamusoro perimwe gomo risingaonekwe. Zvino regai madutu iwayo apfuure zvawo kana achida; chine mhedziso. Hoko yakabata kure pane imwe nzvimbo, asi ya—yakasimba. Zvino apo chikepe nemafungu achirovera pachikepe chose, chine mhedziso, nokuti chakasungirirwa.

36 Uye ndizvo zviri munhu kana akasungirirwa pana Kristu nekuShoko raKe, uye achiRitenda. Pane mhedziso ipapo, chimwe chinhu chinomubata.

37 Mhedziso yakaita senyeredzi yekumaodzanyemba kana uchinge warasika. Kana iwe—kana iwe warasika kwekuenda, uye uchida kutsvaga nzira yako yekudzoka, zvino nyeredzi yekumaodzanyemba imhedziso. Zvino, kune dzimwe nyeredzi dziripo, asi idzodzo dzinotenderera pamwe nenyika. Nyika painotenderera padziri, iyo . . . inodzifuratira. Uye (Maizviziva here?), nyeredzi yemangwanani imwe cheteyo ndiyo nyeredzi yemanheruwo zvakare, nekuti nyika inenge yangotenderera. Asi pane nyeredzi 1 isingafambe, uye yakanyatsonangana nepakati chaipo penyika. Saka nokudaro iyo . . . I—inyeredzi isingapotse. Kana uchiziva nyeredzi yekumaodzanyemba, unokwanisa kugara uchiwana nzira yako. Asi, oo, ndipo apo kana munhu arasika, uye asingazive chaizvo nzira yekuenda nayo.

38 Zvino, ndinoziva imwe Nyeredzi. Oo, iYoyo inopfuurira nyeredzi yekumaodzanyemba. Uye kuve wakasungirirwa nekuona Hupo hwaKe, zvisinei kuti wakarasika zvakadini kana kuti uri kupi, unogona kuwana nzira yako yekudzoka

nayo nekutungamira kwaKe, ndiro Shoko raKe. Ndiyo nzira yekubuda nayo kubva mumatambudziko ose. Ndiyo nzira yekuenda kurugare. Ndiyo nzira yekubudirira. Ndiyo nzira kuHupenyu, pachezvawo, kunova kutevera Nyeredzi iyi, Ishe Jesu. Uye zvino, kana wakasungirirwa kuNyeredzi iyoyo, Mweya Mutsvene ndiwo Kambasi inongonongedza bedzi kuNyeredzi yacho. Iwo Mutsvene . . .

39 Kambasi, inokwezverwa kunorth pole iyoyo. Uye nzira yoga, zvisinei nekuti uri musango rakaita sei, kana kuti dondo rakakupoteredza rakasosa zvakadii, kana kuti mugungwa mune mhute yakadii, chinongedzo ichocho chekambasi, unogona kuchitendeudza nechero nzira yaunoda, uye chinonyatsozeya chichidzoka chonongedza kunyeredzi iyoyo yekumaodzanyemba.

40 Uye kana tikava mudambudziko, uye tovimba naKristu, pane chinhu chimwe chete chechokwadi: Mweya Mutsvene unotinongedza kuShoko richatitungamirira kuNyeredzi yeKumaodzanyemba, uye yogopa zvose zvatiri kunyatsoda. Ndiye Mhedziso yedu.

41 Kumunhu akarasika murenje, kambasi ndicho chinhu chinomutungamirira kuti abude. Kana tiri mudambudziko, pane chinhu chimwe chete; ndechemazvirokwazvo senyeredzi yekumaodzanyemba. Chero bedzi nyika yakamira panzvimbo yayo, uye ichitenderera, nyeredzi yekumaodzanyemba inoramba iri panzvimbo yayo.

42 Uye chero bedzi kuine Ziyendanakuenda, Kristu achagara ari iye Muponesi, nenzira yekubuda nayo kubva mudambudziko rose, mutsauko wese, muyedzo wese, zvese. Saka naizvozvo isu—isu, kana takasungirirwa kwaAri, hatikanganisike nekunyatsobatikana sezvinoita nyika, "Zvino, oo, tichaitei pamusoro pe*izvi*? Tichaitei pamusoro pe*izvo*?" Tinoita setisina kana kumbosungirirwa pane imwe hoko. Asi munhu akasungirira mweya wake muna Kristu Jesu, ruvimbo rwake rwuri ipapo, achiziva kuti kana akakumbira Baba chero chinhu muZita raKe, "Jesu akati, 'Ndichazviita.'" Zvatoringana.

43 Izvozvo—izvozvo zvakatoringana. Ndiyo ameni yacho. Ndiyo mhedziso yacho. Ndiwo musimboti wacho. Jesu paakati, "Kumbirai Baba chero chipi zvacho muZita raNgu, Ndichachiita," zvino, ndiwo musimboti. Ndizvozvo. "Chero chipi chaungada, paunonamata, tenda kuti unochigamuchira, uchachiwana." Zvatoringana. Ndizvo zvoga, munoona, kana takanyatsosungirirwa pahoko nekuRitenda, uye takaMuita Mhedziso yedu. Nokuti, Anozviita. Ndiye Mhedziso inotibvisa pakutya kwese. Hapana kutya kana wakanyatsosungirirwa kuDombo remaZera.

44 Hapana kutya kumutyairi wechikepe, nokuti chikepe chiri kurohwa nemafungu zvakaoma zvakadii, chero bedzi hoko

yechikepe iyoyo yakabatirira pamusoro pegomo zasi uko. Chokwadi, chaizvo. Anoziva kuti chikepe chiri kuzoramba chakamira. Hachisi kuzopesana nerimwe dombo pane imwe nzvimbo. Hachisi kuzopinda mumvura isina kudzika chobva chapidigurwa, nekuti chine mhedziso yakakochekera pamusoro perimwe gomo.

45 Uye kana munhu akanamata munamato wekutenda, uye osungirira mweya wake kure muShoko raMwari, uko, "matenga ose nenyika zvichapfuura, asi Shoko iroro harigone kupfuura," hapana kutya. Ngavauye zvavo, vataure chero zvavanoda. Kutenda kwedu kuri muna Mwari, Mwari voga. Tinozvitenda.

46 Paiva neimwe nguva maitiro epatafura enyika ino paaizorora pashoko remumwe mudzimai. Ndinotenda kuti zita rake rainzi Emily Post. Zvino, ndiye aiva mhedziso pamaitiro epatafura. Kana Emily Post akati, "Tora ugodya bhinzi dzako nebanga rako," ndizvozvo. Hmm. Ndizvozvo, nokuti ndiye akanga ari mhedziso pamaitiro epatafura. Kana akati, "Inwa kofi yako kubva musosa yako, woidzvuta paunozviita," zvisinei nekuti zvine huchapa hwakadii, ndizvo zvaitongova mhedziso yacho. Munhu wese aitogwadama kwazviri nokuti vaimutora semhedziso pamaitiro epatafura.

47 Tinofanira kuva nemhedziso zvisinei nezvatiri kuita. Kana tiri kuzombobudirira pane chimwe chinhu, tinofanirwa kuva nemhedziso.

48 Paiva neimwe nguva apo shoko raHitler raiva iro mhedziso muGermany. Zvisinei kuti mumwe munhu ati kudii, shoko raHitler ndiro raiva mhedziso. Kana akati, "Ngavafe," vanotofa. Kana akati, "Ngavararame," vanorarama. Uye kana akati, "Tiri kuenda kuhondo," kana kuti, "Hatisi kuenda kuhondo," zvingavei zvatinoita, shoko rake ndiro raiva mhedziso.

49 Paiva neimwe nguva Italy payaiva nemhedziso. Iri rakanga riri shoko remutongi wavo aiva nehudzvanyiriri, Mussolini, zvaaitaura kuti vaite. Vakati ivo mumwe mutyairi wake akatyaira, ndokukurumidza neminiti imwe chete, kuzomutora. Akamupfura. Sei? Akati, "Handidi kuti ukurumidze kuuya pano neminiti imwe chete. Ndinokuda pano panguva yacho chaiyo, nguva yakatarwa chaiyo." Maona? Shoko rake ndiro raive mhedziso. Italy yese yaigwadama kwariri.

50 Paiva neimwe nguva apo Farao, muEgipita, aiva iye mhedziso. Asi munoona . . .

51 Asi sarudzo dzose idzi dzavakaita dzaitova sarudzo yakagadzirwa nevanhu, uye dzese dzakakundika. Sei? Nekuti dzaisaringana nevanhu . . . Dzaisaringana neShoko raMwari pahupenyu hwevanhu. Ndinoda kuti izvozvo, ndinozvitarisira, kuti zvibatirire. Kana tichitarisira kuponesa hupenyu hwevanhu, tinofanirwa kuuya maringe neShoko raMwari nehurongwa hwaMwari pahupenyu hwevanhu. Uye nzira

chete yauri kuzozviwana nayo, kuzviwana muShoko raVo, uye wozvitenda.

52 Zvino, saka, vanaFarao ivavo, ndakanga ndiri muEgypt nguva shoma yapfuura, uye ndinofunga kuti vakatochera mafiti 20 pasi muvhu, kuti vawane nzvi—nzvimbo yaigarwa naFarao samambo wepasi rose.

53 Uye vanaHerodhi vakuru, nevamwe vakadaro, vachipfuura nemumutsara, tinoona kwakawira humambo hwavo nekuenda.

54 Asi kune Humambo humwe chete huri pamusoro pehumambo hwose. Hwakakwirira kwazvo kusvika kumatenga zvokuti hausi kuzombopfuura. Zvino Ikoko kugere Mambo, wekuti, kana Akaita sarudzo yaKe pane chimwe chinhu, uye isu tichitenda sarudzo iyoyo, ndiyo mhedziso yacho iyoyo. Zvichava nenzira iyoyo zvisinei kuti mumwe munhu anoti kudii pamusoro pazvo. Zvagara zvakadaro.

55 Zvino, Dare redu Repamusoro-soro. Dare redu Repamusoro-soro, ndiro—ndiro mhedziso, kuguma kwekutongwa kwose. Zvino, tinofanirwa kuva naro. Dzimwe nguva tinogona kusawiririrana nesarudzo yaro. Seapo, pavaisabvumirana nedzaHitler, nezvimwe zvakadaro. Asi zvakadaro tinofanirwa kuva nemhedziso iyi. Uye mhedziso yenyika nemitongo ndiro Dare Repamusoro-soro. Matare edu emhosva emunharaunda anogona kutonga chimwe chinhu uye otaura *izvi*, asi Dare Repamusoro-soro ndiro rinotonga pamusoro peose. Tinofanirwa kuva naro. Senyika, tinofanirwa kuva nesarudzo yaro, nekuti nyika yakasungirirwa pamhedziso iyi yeDare repamusoro-soro. Zvakanaka.

Zvinhu zvose zvinofanira kuva nemhedziso.

56 Maiziva here kuti mutambo webhora wamazuva ese unofanira kuva nemhedziso? Ehe. Mhedziso yemutambo webhora chii? Refuri. Ko kana pasina refuri, munoona, refuri? Zvisinei nekuti wakamira papi, wakatarisa papi wobva wati, "Bhora rapotsa," zvino akati, "Changa chiri chibodzwa," saka, ndizvo zvachanga chiri, changa chiri chibodzwa. Sei? Nekuti, shoko rake, zvisinei nekuti vari kuona vagere muzvigaro vati kudii, zvataurwa nemumwewo munhu, chibodzwa nekuti iye achidana kuti chibodzwa, zvino ndiye refuri. Zvino, ko dai panga pasina refuri? Paizova nekukakavadzana, nezvese iri nyonganyonga, kusvika maitozotadza kuva nemutambo wacho webhora. Naizvozvo, munofanirwa kuva nemhedziso, kuti muve nemutambo webhora. Zvinofanirwa kuva saizvozvo.

57 Zvino, panofanirwa kunge paine mhedziso, murobhoti remumugwagwa. Robhoti ndiro mhedziso, waro, kumotokari mumugwagwa. Ko dai pasina robhoti? Kana kuti dai robhoti raive rakadzima, wobva wamhanya uchidzika nemugwagwa? Zvino mumwe muchinda achiuyawo ne*uku*, zvino obva ati, "Manje, ndini ndatanga kusvika pano. Ndinofanirwa

kupfuura." Mumwe wacho oti, "Ndanonoka kubasa." Taura nezvekusungana kwemotokari mumugwagwa, unotozova nako zvechokwadi. Asi, munoona, robhoti rinogadzirisa. Ndiro mhedziso. Kana chiedza chiri chegirinhi, enda. Kana chiri chitsvuku, mira. Kana pasina chinhu chakadai sero—robhoti, ipapo tinozove nekusungana kwemotokari.

58 Uye ndiro dambudziko mukutenda kweChikristu nhasi. Tine kusungana kwemotokari kwakawandisa, munhu wese achigadzira mhedziso yake iye.

59 Apo, tiine Mhedziso imwe chete, zvino ndiro Shoko raMwari mupenyu. Zvakatoringana zvachose, zvisinei nekuti mumwe munhu anoti kudii.

60 Zvasvika panzvimbo seyaivapo mumazuva eVatongi, munhu wese ane mhedziso yake iye. Asi zvose zvinokundika, savanaFarao nevamwe vakadaro.

61 Asi mhedziso yaMwari iShoko raVo. VanoRipa, "Uye matenga nenyika zvichapfuura, asi iRo harizombopfuura." Ndinozvifarira izvozvo.

62 Zvino, hatina nguva yakawanda, saka ngatingotarisai nguva shoma kune vanhu vashoma vakapinda mudambudziko, uye nezvenguva apo rufu rwaive pedyo, semamiriro atakaita manheru ano, uye vakatora mhedziso. Ngatibvunzei vamwe vavo.

63 Ngatidzokerei kunyaya yekare inozivikanwa nesu tose, mumazuva apo chivi chakanga chaungana munyika kusvikira Mwari vakafinhikana pamwe nokuneta nacho, zvino nyika yakanga iri kuzoparadzwa. Uye Mwari vakapa Noa mhedziso, yaiva Shoko raVo. Uye, zvisinei, mhedziso iyoyo yaive yekuponeswa kwevanhu. Noa aiziva kuti nyika yakanga iri kuzofa. Zvino Mwari vakamupa mhedziso yacho, uye yaiva Shoko raVo, zvino, kuti vaponese vanhu vaVo kubva kurufu. Zvino, mhedziso yaivei, yokuponesa vanhu kubva kurufu munguva yaNoa? Yaiva Shoko raMwari. Ndiyo yaive mhedziso yacho, zvisinei kuti mumwe munhu akati kudii.

64 Zvakataurwa nesainzi, "Hakuna mvura kumusoro uko. Tinogona kupfura mwedzi nemichina yedu. Hakuna mvura ikoko. Ko mvura ichazodzika ichinaya chirudzii?" Kana Mwari vakati kwaizonaya mvura, Mwari vanogona kuisa mvura mumatenga, kana Vakataura kudaro.

65 Noa akaenderera mberi nebasa rake, akasununguka, uye achigadzira areka yekuponeswa kwevanhu. Nokuti, pakava nemhedziso yakapihwa kuvanhu, kuti vaizoponeswa kana vakatora nzira yakapihwa naMwari yemhedziso iyi.

66 Saka, mushure, dzimwe nguva, kana tagamuchira mhedziso . . . Ndinoda kutaura izvi nokuda kwevabereki vevana

ava, pane zvandinoda kukuudzai muchinguvana. Zvino, kana . . .

67 Dzimwe nguva, kana taigamuchira, tinoiswa pakuedzwa, kuti tionekwe kana tichinyatsoitenda. Isu—isu . . . Mwari kazhinji vanozviita izvozvo. Uye Mwari vanoshanda . . .

68 Havakwanise kushandura hurongwa hwaVo, nokuti Shoko raVo ndivo pachaVo. "Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu. Mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi." Saka, rinogara riri Mwari.

69 PaVanodaidzwa panzvimbo, kuti vaite chimwe chinhu, uye nesarudzo yaVanoita, Vanofanirwa kugara nguva dzose nesarudzo iyoyo. Havagoni kuishandura, nekuti haVana magumo.

70 Zvino, ndinogona kushandura sarudzo yangu, unogonawo kudaro, nekuti isu tine magumo. Nokudaro, tinokanganisa.

71 Asi Mwari havagoni kushandura sarudzo yaVo, nekuti haVana magumo, uye sarudzo yaVo—yaVo yakatokwana, nguva dzose. Havagoni kuti, "Ndakanga ndakanganisa *pano*, uye Ndichashandura sarudzo yaNgu," nokuti zvaizoratidza kuti Mwari vanokwanisa kushanduka. Zvino Mwari havagone kushanduka, kunyange Shoko raVo harigone kushanduka. Vamwe chete, nguva dzose.

72 Saka, Mwari vakapa Noa muyedzo, mushure mekunge agamuchira mhedziso yaVo. Noa akapinda muareka. Mwari vakapfiga mukova shure kwake. Pasina kupokana vakati, "Zvino, mangwanani, pari kuzova nemakore matema. Uye kuchava nemabhanan'ana nemheni, uye mvura ichanaya." Asi, munoziva, zuva rakatevera racho, zuva rakabuda richingopenya sezvarakangogara richiita.

73 Ndiri kufungidzira, vatendi vepamuganhu vachiti, "Tichaenda kumusoro. Mutana uyu anogona kunge anga ari raiti pamusoro pazvo. Saka, zvichida sainzi yakanga yakarasika, kuti pa—panogona kunge paine mvura kumusoro uko." Asi, rangarirai, kwainge kusati kwambonaya.

74 Asi, zvino, pazuva rechipiri, zuva raitopenya sezvarakanga riri nguva dzose; rechitatu, rechina, rechishanu, rechitanhatu, uye kunyange kusvika pazuva rechinomwe. Asi Noa akanga akwira mukamuri yepamusoro, kuti agone kutarisa matenga. Zvino pamangwanani iwayo echinomwe, pakasvika imwe nguva, apo vanhu vakanga varamba nzira yaMwari chaiyo yeruponeso, yekuponeswa kwehupenyu hwevanhu, mvura yakatanga kunaya zvino masuweji ndokuzara. Uye chi—chikepe chakatanga kusimuka, zvino chikaendesa Noa nevamwe kunzvimbo yakachengeteka. Chokwadi, nokuti vaivimba neShoko raMwari, mhedziso, Shoko raMwari revimbiso.

75 Zvisinei nokuti zvinoratidzika kuva zvakaipa zvakadini, uye kuti kunosviba zvakadini, ramba uchitenda mhedziso yako.

76 Mosesi, handiti, vake, akanga aedza kuponesa hupenyu hweVaHebheru vaye vanonzwisa urombo. Uye vakanga vari muchimiro chakaipa chakada kufanana, kana kuti chimiro chakaipa zvimwe chete, sevana 2 ava vatiri kuedza kuponesa manheru ano. Vaiva nhapwa, uye vaingovauraya chero papi zvapo, chero nguva yavaida kudaro. Zvino Mosesi akanzwa mumoyo make kuti uku kwakange kusiri ku—kuda kwaMwari. Saka, iye—iye akaedza kuzviita kubudikidza nedzidzo. Akaedza kuzviita kubudikidza nekushingaira kwake iye, ndokuona kuti akakundika zvinosiririsa. Akaita chimwe chinhu pachake chakanga chisina kunaka, nekuti akatora hupenyu hwemumwe munhu. Uye zvakanga zvisina kunaka.

77 Zvadaro, akaenda murenje uye akanovako kwemakore 40. Asi, rimwe zuva, akanga achifudza makwai ari kuseri kwerenje, uye paiva neChiedza mugwenzi. Zvino Mosesi paakasvika pedyo neChiedza ichi, Inzwi raMwari rakataura kwaari kubva muShongwe yeMoto iyi yaive mugwenzi iri, ikati, "Mosesi. Mosesi."

Zvino akati, "Ndiri pano, Ishe."

78 Zvino Vakati, "Bvisa shangu dzako, nekuti nzvimbo yaumire pairi itsvene. Ndanzwa kugomera kwevanhu vaNgu. Ndanzwa shumiro yavo yemunamato. Ndarangarira kuti Ndakaita vimbiso kwavari." Ini zvangu, ndokunge izvozvo zvisingafanire here kutungidza moyo yevatendi veChikristu ichipfuta manheru ano! "Ndini Mwari. Ndarangarira kuti Ndakazvivimbisa." Izwi iroro raiva chaizvo muMagwaro! Zvino Vakati, "Mosesi, Ndiri kukutuma zasi ikoko kuti uvadzikinure." Zvino Mosesi . . .

79 Chokwadi, sezvandataura pakutanga, paunotora mhedziso iyoyo yaMwari, inokuita kuti uite zvinhu izvo, zvino, dzimwe nguva zvinosetsa, pamberi pevanhu. Mungafungidzira here, murume akanga atiza vaEgipita, mangwanani akatevera, mushure mekuona mhedziso iyi . . .

80 Shoko iri raMwari rakataura kwaari chapupu chakananga, nokuti rakanga riri Shoko. Vimbiso yacho yakanga iripo, nekusimbisa uku kwaMwari mukuru wezvisikwa, kuti Vakaita chishamiso sei mu—muhupo hwaMosesi, ndokuratidza kuti Vakanga vari Mwari wezvisikwa.

81 Zvino Mosesi, mangwanani akatevera, akatora mudzimai wake akamugadzika panyurusi, aine mwa—mwana pahudyu yake. Uye wemakore 80 ekuberekwa, ndebvu dzakarembera kusvika muchiuno chake, mhanza yake ichipenya, aine chimuti chakakombama muruoko rwake, achidzika akananga kuEgipita, achidanidzira nesimba rake rose.

"Uri kuenda kupi, Mosesi?"

“Ndiri kuenda zasi kuEgipita, kunotora masimba.”

“Kunotora masimba?”

82 Kupamba kwemunhu mumwe chete! Sei? Aiva nemhedziso. Aiva nechimwe chinhu. Aiva neShoko raMwari, raaigona kumira pariri. Murume ane makore 80 okuberekwa, aine nyurusi, nechimuti muruoko rwake. Ndizvo zvoga zvaaiva nazvo. Sekunopamba kwemunhu mumwe chete Russia, nhasi. Asi akadzikako akanotora masimba, nokuti aiva nemhedziso. Akanga ataura naMwari. Akanga anzwa Inzwi raMwari. Uye iye. . .Nyaya yacho yaive yekuti, akazviita. Ndizvozvo. Sei? Yaiva naye mazuva ese ehupenyu hwake. Yaiva mhedziso.

83 Hapana munhu ane kodzero yekukwira papurupiti, kunoparidza Evhangeri, kunze kwekunge iye pachake atsika pajecha iroro rakayereswa, uko kusina munhu anopokana chemweya kana uyo asingatendi anokwanisa kutsanangura zvisizvo chemweya chaMwari. Jesu haana kutendera vadzidzi vaKe kuti vaparidze, zvisinei nekuti vaiMuziva zvakadii; vanofanira kuenda kuguta reJerusarema, vomirira kusvikira vazadzwa neSimba rinobva Kumusoro. Vanofanira kuva nechiitiko ichocho.

84 Mosesi, achiziva kuti aiva muporofita, aiziva kuti akanga akakudzirwa chinangwa ichochi, asi pasina kusangana chiso kuchiso ikoko, Mhedziso iyoyo, chimwe chinhu chakaratidza kwaari kuti paakaenda zasi ikoko, aizowana kudzikinurwa kwevanhu ava. Haana kumbobvira ava mumwe chete. Akaenda zasi ikoko nokuti aiva nemhedziso, uye akaita chaizvo zvaakaudzwa naMwari kuti aite. Pakanga pasina kutya mumoyo make, paakakandira nyoka pasi, kana kuti tsvimbo, uye dzikashanduka kuva nyoka. Zvino vatevedzeri vepanyama vakauya nemhando yeshumiro yavo, ndokukandira pasi vakaita zvimwe chetezvo. Mosesi akange aita chaizvo zvaakanga audzwa naMwari kuti aite. Pakanga pasina chimwe chinhu chekuti aite kunze kwekumira akadzikama nekuona kubwinya kwaMwari. Zvino tinoona kuti Mwari vakatora nyoka yake uye ikadya dzimwe dzose. Ndiyo nzira yazvinoitwa nayo. Aiva nechokwadi chekuti Mwari vakakwanisa kumuudza kuti aite izvi, vaikwanisa kumuchengeta muchinhano chakaipa.

85 Hatigone here manheru ano, pahwaro hwemujaya iyeye achipa moyo wake kuna Kristu, kumira pamhedziso iyi, kuti Mwari vanogona kuita kuti zvisingagoneki zvive zvinogoneka! Vanogona kushandura mwoyo yevatongi vemhosva! Sei tichitomuka-tomuka nekutya, pamusoro pezvimwe zvinhu? Ngatitorei Mwari, kutanga. Chidzosere kuvimbiso. Mwari vakazvivimbisa, kuti—kuti Vaizozviita.

86 Saka, rangarirai, Mosesi aigara ari munhu akasiyana nekuti akatora Shoko raMwari akaRitenda. Uye akanga aine vimbiso yakasimbiswa kwaari.

Vangani vatingadana? Hatina nguva.

87 Pakunyora manotsi, nhasi, ndanga ndichinyora pano nezvaDhanieri, kuti waitova, zvawaiva, waitova mutongo werufu kwaari kuti—kuti anamate kune mumwe mwari. Asi akanga ari mukubatana naMwari, uye aiziva kuti Mwari vaikwanisa kumuchengeta.

88 Vana vechiHebheru, vaizokandwa muvira remoto vopiswa nekupisa, kwaipisa zvakapetwa ka 7 kupfuura kupisa kwaive kwamboitwa nevira racho. Vana vechiHebheru vaya vaitenda Mwari. Vakati, "Mwari vedu vanogona kutidzikinura kubva muvira iri." Sei? Vaiva nemhedziso. Vaiva neShoko raMwari.

89 Uye Mwari vakagona kudzikinura vana vechiHebheru ava kubva muchitokisi cherufu chevira remoto, Vanogona zvakapfuurira zvakadini kudzikinura mukomana mudiki uyu wechiJudha kunze kuno, uyo arere uko muchitokisi cherufu? Vanopfuurira zvakadini. . . Uye Vachiri Jehovha Mwari vamwe chete sezvaVakangogara vari. Isu, semuapostora Pauro, tinogona kucherechedza kuti Mwari vamwe chetevo vanorarama nhasi, "Zuro, nhasi, nekusingaperi zvimwe chetezvo." Zvadaro, Makristu anogona kubatirira paruoko rwaMwari rwusingashanduki, voshandura mamiriro ezvinhu ose. Munamato unoshandura zvinhu. Ndizvo zvatinoda kuita.

90 Tingati kudii nezvaJoshua? Achayambuka Jorodhani chirudzii? Zvinoita sekuti Mwari vaive murume wehondo asinganzwisisike, chaimo mumwedzi waKubvumbi, mvura payakanga yakazarisa saizvozvo. Asi Vakati kuna Joshua, "Tora areka uende mberi." Ndizvo zvoga zvaakatongoita. Uye Mwari vakadzosa Jorodhani shure ndokugadzira pasi pakaoma, ndokufamba vachiyambuka zvino vakadzikinurwa. Zvazvaiva!

91 Ndosaka Joshua akati, "Seni neimba yangu, tichashumira Jehovha."

92 Paye Dhavhidhi, tateguru mukuru uya, tingada zvikuru kutaura nezvake, hatina nguva, asi, uye nguva zhinji, sekunzwa kwataita mumwe munhu achitaura nguva shoma yapfuura pamusoro paDhavhidhi nechivi chake, asi, zvese pazvakanga zvaregererwa, paakanga oenda kuhondo, uye tinozvidaidza munyika kuti, "aive panyanga dzamushore," uye kupikiswa kwacho kwaive kwakakura, uye Dhavhidhi akarara ipapo pasi pemuti, ndokumirira asiri kuziva chokuita, kusvika anzwa ruzha rwuchipfuura nemuzvikwenzi zvemihabhurosi, ndokubva zvatosiyana. Dhavhidhi akasimuka ndokuenderera mberi, nokuti akanga ava nemhedziso, yokuti akatoziva kuti vakanga vari Mwari vaienda mberi kwake.

93 Hatigone here kunamata munamato wekutenda uchatumira Mwari kune boka iroro rinosunungura vasungwa riri zasi uko? Chokwadi, tinokwanisa. Tinotenda kuti tinokwanisa, kana tikabatirira pamhedziso iyoyo.

94 "Madaniro akaita Abrahama zvinhu, zvakanga zvisipo, sokunge zvaivepo," nekuti akava nevimbiso yakakwana kubva kuna Mwari, yekuti Mwari vaizomupa wake. . . kumupa mwana kubudikidza naSara. Uye mudzimai paakanga ava nemakore 100 ekuberekwa, kana kuti iye murume, uye mudzimai ava nemakore 90, "Iye zvakadaro haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari kubudikidza nekusatenda, asi akanga akasimba, achipa rumbidzo kuna Mwari." Uye tinozviti tiri vana vaAbrahama. Apo Abrahama . . .

95 Apo, takava neBhaibheri rakanyorwa kubva pamazuva aAbrahama, nezvapupu zvose zvatakava nazvo kumashure, kuti Jehovha vanochengeta Shoko raVo, kuti Kristu ndiye Mwanakomana waMwari. Ndiye Murevereri pakati pemunhu naMwari, uye hakuna mumwezve murevereri kunze kwaKe. Uye achivimbisa, "Kana ukakumbira Baba chero chinhu muZita raNgu, uchachipihwa." Zvino tinozviti tiri vana vaAbrahama. Apo, "Abrahama akadana zvinhu, zvakanga zviripo, sokunge zvakanga zvisipo, nokuti akatenda Mwari." Zvirokwazvo. Ndinozvitenda nemoyo wangu wese.

Hupenyu hwaPauro hwakanangiswa pana Kristu ndihwo hwaive mhedziso yake. Hwakamusunga.

96 Kristu akanga ari mhedziso yerumuko, tichiverenga pano. Akati, "Mwari vakapika nemhiko, kuna Dhavhidhi, kuti haVaizosiya mweya waKe mugehena." Mhiko ndiko kuguma kwegakava rose. "Zvino Vakapika kuti haVangasiyi mweya waKe mugehena, asi kuti vaizoMumutsa." Uye naizvozvo Akavimba naMwari, uye akarovererwa pamuchinjikwa; akafa, akamukazve, ndokukwira Kudenga, nokuti Akatenda Mwari.

97 Zvikuru sei, sezvaAkaisa muenzaniso, tinogona isu kutora mhedziso! Kana Kristu akakwanisa kuitora, pavimbiso imwe chete iyoyo ipapo, zvikuru zvakadini patinozoitora, nezviuru zvevimbiso! Uye neRopa raJesu Kristu ipapo kuti richenese nzira yedu, nekutiyambutsa mukaha mukuru iwoyo wechivi wakatiparadzanisa, wekusatenda, tichibva kuna Mwari, ndokutiunza muHupo hwaVo chaimo, kuti titaure naVo, zvingave zviri zvikuru zvakadii! Hongu. Tinofanira kuva nemhedziso.

98 Ndiri kufunga nezvemumwe iye zvino, mukuvhara, achinge ari George Washington, America payakanga ichangovambwa uye tichirwira hupenyu, hupenyu hwenyika huru ino yatinayo. George Washington akanga ari Mukristu. Akanga ari mutendi. Zvino zasi kuValley Forge, ndakaudzwa kuti masoja emuAmerica aingova, chikamu chimwe kubva muzvitatu chavo, ndivo vaiva neshangu. Uye chando chaitonhora, nemamiriro ekunze ari pazero, uye rwizi rwakagwamba nechando pamwe nekuzara. Uye maBritish kune rimwe divi. Zvino hupenyu hwenyika ino diki hwakanga hwaswedera.

99 Akaitei? Aive muKristu. Akabuda kunze munguva yehusiku ndokupfugama pasi muchando, ndokunyengetera kusvika anyorova nemvura yechando yakasvika kumusoro muchiuno chake. Zvino akagara ipapo akanamata kusvikira awana mhedziso, mhinduro kubva kuna Mwari, kuti Mwari vakanga vari kuzomupa kukunda.

100 Zvino zuva rakatevera, Valley Forge yakanga isiri chinhu kwaari. Akayambuka Delaware, akafamba nemuchando nemasoja asina kupfeka zvakakwana, vakaoma nechando potse, vachitsika pasi netsoka dzavo dzisina shangu, muchando. Zvino akaitora, apo mabara 3 epfuti akapinda nemubhachi rake. Sei? Akanga achivimba nemhedziso yemunamato wakapindurwa. Ameni. Nheyo chaidzo dzenyika yedu dzakazembera pachinhu chakadaro.

101 Chii dambudziko nevanhu vanozviti Makristu nhasi? Sei tiri kuvhiringidzika munguva yakadai? Ngatiregei kuvhiringidzika. Ngativei masoja. Hongu, changamire.

102 Akanamata kusvikira awana mhinduro yacho. Zvadaro, hapana rwizi rwune mhute, hapana masoja asina shangu, zvisinei nemamiriro ezvinhu, vaigona kuitora nekuti Mwari vakanga vataura kudaro. Bara harina kana kukwanisa kumuuraya, rakabva mupfuti yemuvengi. Zvirokwazvo. Sei? Akanga ava neshumiro yemunamato. Akawana mhinduro.

103 Zvaive zvakanaka zvikuru humwe husiku, muApostora Petro paaiva mutirongo, zvino vakanga vari kuzomuuraya mangwanani acho aizotevera. Aizofa ari pasi pemutongo werufu, sezvichaitwa nemuJudha mudiki uyu zvino. Asi chii chavakaita? Vakaita chinhu chimwe chete icho isu muno muHouston tiri kuedza kuita. Vakagadzira shumiro yemunamato kumba kwaJohane Marko. Vari pakati pekunamata, Mutumwa waJehovha akaenda mutirongo, ndokuzarura zvidziviso zvemutirongo, ndokuzarura masuwo. Zvino mberi kwaizvozvo, akatungamira Petro kunze, ndokuuya zasi chaiko kushumiro yemunamato.

104 Ndinotenda, manheru ano, kuti Mwari vamwe chete ivavo vanorarama. Kana Vasiri Mwari vamwe chete, zvino pane chimwe chinhu chakatsveyama. Zvirokwazvo.

105 Chii chakaitwa? Nekuva neshumiro yemunamato, neMakristu akatendeka ayo aitenda, uye vachitenda kuti Mwari vaizodzikinura hama yavo kubva pamutongo werufu. Ava vaiva Makristu akagara husiku hwese vakazvambarara pasi nehuso hwavo, uye vakadana pamwe nokunyengetera.

106 Sezvandanzwa mumwe wevashumiri, nguva yadarika, achitaura kuti anga ari kuzodana, husiku hwese. Dambudziko razvo nderekuti, nhasi, vanhu vanoregedzeka. Vanoneta, vachikotsira. Havatombokwanisi kugara musevhisi yemaminitsi

10, zvachose. Zvino, nde—ndechimwe chinhu chisina kumira zvakanaka.

107 Kana uchida Mwari, zvinoka, tinofanira kunge takabatikana. Inofanira kunge iri tariro yedu—yedu, zvishuwo zvedu. Zvinofanira kudaro. Zvose zviri matiri zvinofanira kuva murudo rwaKristu. Ameni. Tinogara tiine husimbe kwazvo. Tinogara tisina kana hanya, iyo nyika ichitofa pasi petsoka dzedu. Ndizvozvo. Hupenyu hwevanhu huchipera, vasina Mwari, uye isu tinogara chaizvo—chaizvo tisina hanya nazvo. Chero bedzi tiri nhengo dzechechi, ndizvo zvoga zvatinofunga kuti zvinoita mutsauko.

108 Ndaitaura pamusoro peKuuya kwaKristu, mavhiki mashoma apfuura, mune imwe chechi. Zvino mushure mazvo pakava nemumwe munhu akasangana neni kumashure kwechechi, ndokuti, "Hama Branham, munovhundutsa vanhu zvakanyanyisa."

Ndikati, "Sei ndichidaro?"

109 Akati, "Manje, manga muri kutaura nezveKuuya kwaKristu. Handidi kunzwa zvinhu zvakadaro. Ndine mukomana mudiki pano wandinofanira kurera. Ndine musikana ari kuchikoro."

110 "Oo," ndakati, "Kuuya kwaKristu ndicho chinhu chinonyanyisa kubwinya chandinogona kufunga nezvacho." Zvirokwazvo. Maona?

111 Bhaibheri rakati, "Avo vose *vanoda* kuonekwa kwaKe." Oo, ini zvangu, nezuva iro mutumbi uyu wakare unofa uchapfeka kusafa, zvino imba ino—ino yezvirwere yandinogara mairi ichashandurwa, kamwe-kamwe, mukubwaira kweziso, uye nemutumbi wakafanana nemutumbi waKe iYe wakabwinyiswa! Chinofanira kuva chishuwo chepamoyo cheChechi. Zvinofanira kuti murume nemudzimai wese, vange vachipfuta, vachiparidza mumigwagwa nenzvimbo dzese, kuedza kuita kuti mweya igoponeswa. Zvirokwazvo.

112 Handizivi kana takasungirirwa zvechokwadi kumhedziso iyoyo yatinoti tinayo. Tiri kutarisa kunyeredzi yemangwanani chaiyo here? Kana tichingovimba nechechi yedu nesangano redu, ruwadzano rwedu; nyika painoshanduka, inoshandukawo nazvo, kutenderera nekutenderera.

113 Asi pane Nyeredzi imwe chete isingashanduki. Pane chinhu chimwe chete chisingagoni kushanduka, ndiMwari. Mwari havagoni kushanduka. Shoko raVo harigoni kushanduka. Bhaibheri raVo harigoni kushanduka. Uye kana munhu akaberekwa neMweya waMwari, aina Kristu maari, unotsigira vimbiso yese ne "ameni." Ndizvozvo chaizvo. Zvirokwazvo.

114 Oo, chokwadi, shumiro yemunamato ndiyo yatinoda. Tinofanira kuva Makristu. Makristu ose anofanira kushandisa

Mhedziso imwe chete iyi, Shoko raMwari. Shoko raMwari ndiro mbambo yeMukristu.

115 Jesu akati, muShoko raKe, "Kana muchigara maNdiri, maShoko aNgu achigara mamuri, zvino munogona kukumbira chero zvamunoda, uye muchazviitirwa." Pafungei ipapo. Ndeipi imwezve mhedziso yaungade? Chii chaungavimba nacho chinodarika chimwe chinhu chakadaro? "Kana muchigara maNdiri, Mashoko aNgu achigara mamuri, zvino kumbirai chero zvamunoda."

116 Kukumbira kuti Mwari vashande nemoyo wemutongi iyeye, kana boka iroro rinosunungura vasungwa, uye robvisa mukomana mudiki uyu muchitokisi cherufu ichocho, kana tikazvikumbira nokutenda, tichitenda, mushumiro idzi dzemunamato, tichazviwana. Ndizvo, ndinongotenda Mwari saizvozvo.

117 Uye kutenda kwangu kwandinako muna Mwari, ndosaka ndiri pano manheru ano. Ndosaka ndakanzura chimwe chinhu, ndikapinda muno. Ndinofanira kutyaira mazana emamaira manheru ano, kudzokera kuTucson, Arizona, nokuti ndauya kuzoisa kutenda kwangu pamwe nekwenyu. Iyeye munhu. Mweya wemunhu uri kure uko. Mumwe munhu ane chaari kunyatsoda. Uye isu Makristu tinofanira kupepuka kumazvirokwazvo, kune kutenda kwechokwadi, kwemazvirokwazvo, tokusungirira paShoko raMwari, uye tokumbirisa vimbiso iyoyo. Hongu, changamire. Oo, ini zvangu! "Kana muchigara maNdiri, neShoko raNgu riri mamuri, kumbirai chamunoda."

118 Uye zvakare, "Kana vanhu vanodanwa neZita raNgu vakaungana pamwe chete vakanamata, zvadaro Ndichanzwa kubva Kudenga." Shumiro yemunamato, ndizvozvo.

119 Ndinotenda mukutaura nemagweta nekutaura nemaroya, kana vatongi, kana boka rinosunungura vasungwa, kana chero vamwewo. Zvakanaka. Asi, hama, kana tariro yako isina kusungiririrwa kune chimwe chinhu chisiri vanhu venyama vepfungwa bedzi, kana, pfungwa dzevanhu, waro, zvechokwadi uchaodzwa moyo zvinosiririsa.

120 Asi kana ukagona kusungirira kutenda kwako panzvimbo yekuti unoziva, uye wogarapo wonamata kusvikira Mwari vapindura, uye woziva kuti wachiwana mumoyo mako, chimwe chinhu chiri kuzoitika.

121 Ndakaona vakafa vachimutswa kubva kunzvimbo dzevanoviga zvitunha. Ndakaona maziso a—akapofomara achizaruka, nzeve dzisinganzwe dzichizaruka. Ndakaona vanhu vakabatwa nekenza, vane kenza yesarcomas, maperembudzi, vachipodzwa nesimba raMwari Samasimba. Nokuti, vaiva nekutenda kwekutenda kuti Mwari, Vakaita vimbiso, vaizokwanisa kuchengeta vimbiso yaVo. Ndiko kutenda

kwemazvirokwazvo, kwechokwadi kwakafanana nekwaiva naAbrahama.

122 Sungirira ipapo. Gara ipapo unamate. Kwete kungopfugama, uye, “Mwari, nunurai muchinda mudiki anonzwisa urombo mumudzose kumba.” Tose tingada izvozvo. Asi ngatigarei ipapo kusvikira chimwe chinhu chaitika. Oo! Kana chimwe chinhu chaitika, zvino, chivimbo ichocho chinogona kuwira pakati pevanhu vashoma ava vagere muodhitoriyamu ino manheru ano, panogona kuwira pakati pedu ipo pano, kutenda kwakakwana nesimba raMwari, kana tikagona kunamata, kusvikira tabata tambo yedenga iyoyo, kusvikira mhedziso iyoyo yadzika, Shongwe yeMoto imwe cheteyo yakatorwa muno muHouston, nekamera yaTed Kipperman, makore 12 akapfuura. Ari pano manheru ano, achingori mukuru sezvaAiva kareko, kuti adzikinure mukomana iyeye, kana tikangozvitenda, nekuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Ndinozvitenda nemoyo wangu wese. Ndosaka ndiri pano kuti ndiise munamato wangu pamwe nemi mose kuti Mwari vachengetedze hupenyu hwavo.

123 Zvino kana uchikwanisa kunyengetera zvizere, kusvika wawana mhinduro, wawana chivimbo chadzoka, sechakava naWashington, sechakava naJohane Marko, sechakava naDhanieri, sechakava naMosesi, kusvikira wawana mhedziso, chimwe chinhu chaunoziva kuti unogona kubatirira pachiri, zvino, “Pamusoro pemhedziso iyi Ndichavakira Chechi yaNgu,” uye matare ese ari munyika haagoni kuidzivisa iYoyo. Ndizvozvo. Pane Iyoyo!

124 Mwari vamwe chete vaigona kutora muJudha mudiki ane mhuno yakakombama saPauro, akagumbuka uye achienda ikoko kunouraya Makristu ese pasi pemutongo werufu, uye vagokwanisa kumushandura nekumuita Mukristu akanakisa, Mwari vamwe chete ivavo vanorarama manheru ano, vanogona kushandura murawo kuva nyasha, chero nguva yaVanofunga kuzviita. Hareruya! Muchandidana kuti muumburuki mutsvene, zvisinei, saka ndingatosva ndatanga kuzviita izvozvi. Ndinotenda Mwari ivavo. Ameni. Hongu, changamire.

125 Zvino Marko 11:22, kana ukanamata zvizere. Akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, ivai nokutenda muna Mwari. Ndinoti kwamuri, kana ukati kugomo iri, ‘Ibvapo.’” Kana mhedziso iyoyo yasvika kwauri, kana wazodzwa neMweya iwoyo zvinopfuurira kubata kwesimba rose resainzi kunze uko, pasati pava neatomu kana molecule, Iye wacho akataura zvinhu zvose kuti zvivepo, uye kana mweya wako wakasungirirwa ipapo, hapana chinogona kuzvimisa. Ndizvozvo. “Iti kugomo iri, ‘Ibvapo,’ uye ukasapokana mumoyo mako, asi wotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuva nezvawataura.” Kana isiri mhedziso yekubatirira kwairi! Zvirokwazvo, ndiyo. Ndizvozvo, mhedziso.

126 Zvino, nyika ine mhedziso. Hupenyu hwako hwepamba hune mhedziso. Kwese-kwese, kana zviri kuzombofa zvakabudirira pane chimwe chinhu, zvinofanira kuva nemhedziso.

127 Tinoyemura gweta iri. Tinoyemura, oo, vamwe varume vose ava. Mufundisi akanaka uyu pano anobva kuCalifornia, uye imharidzo inoshamisa zvikuru! Uye—uye nehama yedu yakaedza kuendesa mari nezvimwe zvose, kuedza kubatsira mudzimai uyu anonzwisa urombo, uye—uye pamwe nevana vake, kuvadzikinura. Zvose izvozvo zvakanaka. Tinozviyemura izvozvo, uye ndinozvitsigira.

128 Asi pane chinhu chimwe chete chinopfuura izvozvo, shamwari, patinovhara musangano uno manheru ano: Tinofanira kuchisungirira kumhedziso, shumiro yemunamato pamberi paMwari, vachatumira rudzikinuro kubva kuna Jehovha Mwari vamwe chete. Vachingori Mwari manheru ano sezvaVaiva kareko. Hareruya! Munozvitenda here?

129 Ngatisimukei netsoka dzedu, zvino, uye manheru ano toita shumiro yemunamato muno, kusvikira mhedziso yaitika. Tosimudza maoko edu pamberi paMwari. Namata kusvika wanwisa chibodzwa, kusvika mhedziso yawira mumoyo mako.

130 Ishe Mwari, tumiraiwo Mweya Mutsvene weNyu zasi, uye mutumire nokusunungura vana ivavo uko, Ishe. Vagere munzvimbo dzemimvuri yerufu. Chimwe chinhu chiri kuda kuitika, Ishe, uye tinonamata kuti shumiro idzi dzemunamato dzigotungidza Moto. NdinoKutendai, Ishe. Ndiri kuzvigamuchira, uye ndinotenda kuti Muchadzikinura vana ivavo. Zviiteiwo, Mwari Samasimba. Isu, Chechi yeNyu, tinozvikumbira, kubudikidza naJesu Kristu. Ameni.

63-0304 Mhedziso
City Auditorium
Houston, Texas U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:



Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org